

MISYON NOU:

Biwo Defansè Viktim Krim yo sèvi kòm yon vwa nan gouvènman an pou bezwen viktim zak yo nan Konte Nassau. Refòm jistis penal Eta New York gen gwo enpak sou tou de viktim Krim yo ak temwen yo. Konsekans sa yo gen ladan nouvo règ investigasyon nan ka kriminèl ki ka konpwomèt idantite ak enfòmasyon pèsònèl temwen yo oswa bay akize kriminèl dwa pou yo jwenn aksè nan kay viktim yo ak temwen, kote swadizan zak lan te fèt.

Misyon Biwo Defansè Viktim Krim yo se pou bay sèvis jiridik pou viktim ak temwen zak yo ki afekte pa egzijans divilgasyon Seksyon 245 Lwa Pwosedè Penal New York ki te antre anvigè 1ye janvyè 2020.



BRUCE A. BLAKEMAN
EKZEKITIF KONTE NASSAU

KONTAKTE NOU:

Biwo Defansè Viktim Krim
Jeanine Diehl, Esq.
Direktris Egzekitif
1 West Street, Mineola, NY 11501
516-571-1598
ocvasupport@nassaucountyny.gov

Vizite sit entènèt:
nassaucountyny.gov



Swiv nou sou Facebook:
[@NASSAUOCVA](https://www.facebook.com/NASSAUOCVA)



Enskri pou:
VINE NY



Biwo Defansè Viktim Krim (Office of Crime Victim Advocate, OCVA) te kreye pa Lejislati Konte Nassau a epi jere pa Biwo Ekzekitif Konte Nassau.

Nan ka ijans, tanpri rele 911



BRUCE A. BLAKEMAN
EKZEKITIF KONTE NASSAU

Biwo DEFANSÈ VIKTIM KRIM



**KONTE NASSAU
BIWO DEFANSÈ VIKTIM KRIM**

1 West Street • Mineola, New York
516-571-1598

KONTE NASSAU BIWO DEFANSÈ VIKTIM KRIM

Biwo Defansè Viktim Krim (Office of Crime Victim Advocate, OCVA) te kreye pou asire ke viktim Krim ak temwen Krim nan Konte Nassau jwenn tout dwa legal, pwoteksyon, ak asistans dwa yo gen dapre lalwa.

Biwo Defansè Viktim Krim yo pran angajman pou l trete viktim yo ak temwen yo avèk diyite, jistis, ak respè.

Sèvis nou yo disponib pou TOUT viktim ak temwen kèlkeswa ras, orijin nasyonal, estati imigrasyon, relijyon, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, andikap oswa laj. Nou gen sèvis entèprèt ki disponib pou plizyè santèn lang, ki gen ladan l Langaj siy Ameriken yo. Tout sèvis yo gratis.

Konte Nassau pran angajman pou l ede sivivan yo rebati lavi yo epi li konprann viktim yo gen bezwen kout tèms ak bezwen alontèm apre yon Krim. Biwo Defansè Viktim Krim yo prepare pou ede viktim yo konekte ak lòt ajans ki kapab bay lòt sèvis ak resous.

BIWO DEFANSÈ VIKTIM KRIM LA BAY

- Asistans legal pou viktim ak temwen Krim yo ki resevwa òdonans tribinal yo pou montre jisitifikasyon akize nan odyans penal yo oswa reprezantan yo jwenn aksè lakay yo oswa kote yo travay;
- Asistans jiridik pou nenpòt viktim sou demand konpansasyon yo;
- Asistans jiridik pou nenpòt viktim oswa temwen konsènan nenpòt aksyon legal ki gen rapò ak Lwa Pwosedè Penal New York chapit 245
- Enfòmasyon sou dwa ak pwoteksyon jiridik viktim yo ak temwen yo konsènan pwosesis penal
- Ede viktim yo soumèt kòmantè yo bay tribinal yo ak komite libète yo

(Nassau County Charter § 2115)

SÈVIS ADISYONÈL

(ki gen ladan men pa limite ak)

- Depoze reklamasyon Konpansasyon Viktim NYS
- Konsèy pou Kriz
- Enfòmasyon konsènan pwosesis kriminel la
- Lyen ak founisè sèvis kominotè yo
- Lyen ak Ajans Konte yo
- Planifikasyon Sekirite
- Defans Pèsonèl
- Lyezon ak Lapolis
- Akonpayman Tribinal
- Notifikasyon VINE/DOCCS
- Enpak sou deklarasyon viktim yo
- Referans Jiridik

LIY DIRÈK YO

NYS Office of Victim Services
1-800-247-8035
imèl: ovsinfo@ovs.ny.gov

Safe Center LI
24/7 Liy Dirèk pou Vyolans nan Kay ak Atak Seksyèl
516-542-0404

Liy Dirèk Atak Vyolans nan Kay ak Seksyèl NYS
Rele: **800-942-6906**
Tekste: **844-997-2121**
Chat: [opdv.ny.gov](https://www.opdv.ny.gov)

Liy Ed
Sante Konpòtmantal
516-227-TALK (8255)

Nimewo Gratis pou Denonse Abi sou Timoun (Child Abuse Hotlines)
24 sou 24, 7 jou sou 7 Liy dirèk pou move tretman
(Rejis Santral Leta a) **1-800-342-3720**
Repòtè obligatwa yo **1-800-635-1522**

Sèvis Pwoteksyon Granmoun yo
516-227-8395